Ассаламу гІалайкум!

# АХИХЪАН



Газета бахъизе байбихьана 1937 с. Унсоколо районалъул газета «Садовод» sadovoduns@yandex.ru

№ 30 (7222) 27 Июль АрбагІ 2016 сон. Газета биччала моцІида жаниб 4 нухалъ. Багъа 7 гъурущ

18 сентябрь - рищиязул къо!

## Рищиял - тІадегІанаб даражаялда



Гъал къоязда росабазул рищиязул комиссиязул вакилзабигун дандчІвана районалъул бетІер ГІ. НурмухІамадов. Лъалеб букІахъе рищиял рукІине руго гъаб соналъул І8 сентябралда. Гьенир гьоркьор лъуна муниципалиял, рес-публикаялъул ва федералияб кІваралъул рищиязул суал. Росабазул собраниязде депутатлъиялде кандидатураби рихьизари лъугІана 24 июлалъул І7.00 сагІаталда. Цебе бицун букІахъе районалда буго 30 избирательнияб участка, гьениб щибалъуб законалъулал рихьизариялги цІунизе ккола. БетІерас участковиял комиссиязул жавабчилъи борхизабиялъе вакилзабазда цере чІван къотІарал масъалаби лъуна.

«Унсоколо районалда рищиял ине ккола тІадегІанаб даражаялда»,-ян бихьизабуна данделъиялда ГІ. НурмухІамадовас. – Кинал рукІаниги ричча-рихъан теял рукІине бегьуларо. Нилъеда кІочене бегьуларо Россияги нилъги цогояб хъизан кколеблъи. Нилъер тІаса бищиялъ улкаялъе, республикаялъе, районалъе пайдаги босун бачІине ккола.

Гьедин букІиналъе кинабго гьабизе бугин бихьизабуна комиссиялъул вакилзабаз. «Киналго рищиязда хурхарал суалал тІуразарулел руго календарияб планалда рекъон,-ян бихьизабуна ТИКалъул пред. А. Расуловас. -Рихьизарун лъугІидал кІиго суткаялдасан хъвай-хъвагІай гьабула избирателазул. Кандидатазул хІакъалъулъ ба хъизе буго «Ахихъан» газеталда. Гьезул хъвай-хъвагІай гьаби ине бегьула 40 къо гьаракь кьезе хутІизегІан заманаялда жаниб.

.......................................................................................................................

## СМИялъулал - «гургинаб столалда» нахъа

20 июлалда МахІачхъалаялъул миллияб библиотекаялда букІана муниципалиял ва (шагьаразул) халкъияб информациялъул хІалтІухъабазе «гургинаб столалда» нахъа данделъи. Гьениб аслияб кІвар кьуна рищиязда цебесеб агитациялъул хІалтІуде.

Данделъиялда гІахьаллъана Дагъистаналъул изберкомалъул членал, батІи-батІиял структурабазул вакилзаби. ГІахьаллъи гьабуна гьениб нилъер районалъул «Цогояб информационнияб централъул» вакилзабиги.

Рищиязул аслиял рахъазул бицун кІалъана республикаялъул рищиязул комиссиялъул пред . М. Дибиров, цогидалги кІалъазе ра хъараз данделъаразда рагІа-ракьанде щун бицана гьаризесел тадбиразул.

26 июль - РДялъул Конституциялъул къо

## Аслияб закон




Дагъистаналъул **тІоцебесеб Конституция** къабул гьабуна **І92І соналъул 5 декабралда** Темир-Хан-Шураялда, советалъул учредителазул съездалда. Гьелъул аслияб кьучІ букІана РСФСРалъул аслияб законалда бухьараб. Гьелда кІвар буссинабун букІана Дагъистаналъе автономиялъул ихтиярал щвеялъул ва республикаялъе гьабулеб нухмалъи камиллъизабиялъул мурадалда пачалихъиял гІуцІабазул хІалтІи мухІкан гьабиялде. Гьеб Конституциялъ рагьана Советияб властаялъул заманалда пачалихъалъулаб ва **жамгІияб гІуцІи**.

**І927 соналъул 5 апрелалда** Советазул ТІолгодагъистаналъул анлъабилеб съездалда къабул гьабуна республикаялъул **кІиабилеб Конституция**. Гьелъул тІоцебесеб статьялда бихьизабун букІана Дагъистан кколин федерализмалъул кьучІалда РСФСРалъул, СССРалъул гІуцІабазде гьоркьобе унеб миллияб Советияб республикайилан.

**І937 соналъул І2 июналда** Советазул учредителазул ТІолгодагъистаналъул ичІабилеб съездалда къабул гьабуна Дагъистаналъул **цІияб Конституция**. Гьеб къабул гьабиялъе гІиллалъун букІана республикаялъул миллатазул социалияб, политикиябгун культурияб ва экономикияб церетІеялъулъ ккарал хиса-басиял. Гьел рухьарал рукІана республикаялда миллиябгун пачалихъалъулаб ва административияб гІуцІарухъанлъи цебе иналда. Гьеб Конституциялъул кьучІлъун букІана СССРалъул І936 соналда ва РСФСРалъул І937 соналда къабул гьарурал Конституциял.

**(Ахир 2 гьумералда)**

Коррупция: жакъа аслиял суалазул цояб

## Коррупциялде данде рахъиналъул суалгун



І9 июлалда Шамильхъалаялда тІобитІана коррупциялде данде хІалтІи гьабиялде буссараб семинар. Гьенире ракІарун рукІана І7 муниципалияб районалъул МугІрул территориалияб округалъул вакилзаби. ГІахьаллъана РДялъул БетІерасул ва Правительствалъул коррупциялде данде хІалтІи гьабиялъул управлениялъул ва отделазул вакилзаби Аслан Бачиев, МухІамад ХІусейнов, Темирлан Аджиев, гьединго районалъул бетІерасул зам. М. ХІамзатов, депутатазул собраниялъул пред. К. Асадулаев.

Данделъи рагъулаго А. Бачиевас тІадчІей гьабуна гьединаб семинар-совещание ахІиялъе гІилла бугин муниципалияб бутІаялда коррупциялъул рахъалъ лъикІаб ахІвал-хІал гьечІолъи. «20І4 соналда республикаялъул БетІер Р. ГІабдулатІиповасул распоряжениялда рекъон коррупциялде данде къеркьеялъе гІуцІана нижер управление. Ниж хІалтІулел руго гьелъул нухмалъиялда гьоркь». – РакІалде щвезабизин, тасдикъ гьабун буго коррупциялде данде хІалтІиялъе цІияб план. Гьелда рекъон кисакибего Дагъистаналда тІоритІизе ккола гьадинал семинарал. Гьаб Шамильхъалаялда тІобитІулеб бугеб дандчІвай ккола гьединаздасан лъабабилеб, хадусел рукІине руго Югалъулаб территориалияб округалда.

ТІадчІей гьабизе бокьун буго, муниципалиял бутІабазда чІахІиял захІмалъаби руго гьел суалазда хурхун. Мисалалъе босани нухмалъулев тІами, гьелъул гІуцІиялъул лахІзатал, отчетал кьей, гьеб рахъ кибго ярагьунареб буго.

**(Ахир 2 гьумералда)**

МахIачхъалаялда гьаб соналда 50 бесдал лъимадуе щвезе руго квартираби. Гьелъул хIакъалъулъ бицана тахшагьаралъул администрациялъул бетIерасул зам. З. Алхасовас. Гьеб ишалъе бичча буго 60 млн. гьурущ. Кинавниги гьел щвезе кколезул къадар бахуна 300 чиясде. ГьанжелъизегIан квартираби щун руго 47 льготаби щолезе.



# Аслияб закон

**Хадусеб Конституция къабул гьабуна I978 соналъул 30 маялда.** Гьелъул хIасилалда республикаялъе рес щвана РСФСРалъул ва СССРалъул гIорхъаби тун къватIирехун кколел ишал жибго жиндаго чIун тIуразаризе. Конституциялда цIияб ишлъун букIана гьединго I97I соналъул аслияб законалда букIараб Дагъистаналъул Конституция РСФСРалъул тIадегIанал гIуцIабаз тасдикъ гьабичIого, республикаялдаго къабул гьабулеб къагIида тIад буссинаби.

**I994 соналъул 26 июлалда** республикаялъул Конституциялъулаб Собраниялъ Дагъистаналъул **щуабилеб аслияб закон цIигьабиялъе** гIиллалъун ккана I978 соналдаса республикаялъул гIумроялъулъ ккарал хиса-басиял ва цIи гьабун гIуцIи загьирлъи. Гьелъул аслияб масъалалъун букIана Россиялда кисакибего миллияб политика чучлъун, халкъазда гьоркьор рикьалаби кколеб заманалда миллатазул цоалъ гьунки цIуни.

Гьалда хадуб, **9 соналдасан, ай 2003 соналъул I0 июналда Конституциялъул собраниялъ Дагъистана лъул цIияб Конституция къабул гьабуна**. Гьелда жанир гьаруна I0 тIадежураял. Гьезда рекъон, республикаялъул Пачалихъияб Советги хисун, исполнительнияб власталъул бетIерлъун кколев Дагъистаналъул президентасул хъулухъги чIезабуна. Гьелдаса нахъе гIемерал санал инчIо. Амма бихьизабулеб буго аслияб законалъул къучIалда нилъер гIумроялъулъ лъикIаб рахъалдехун хиса-басиял гIемер кколел рукIин.

Конституциялъул мурад кколаро гIумроялда жанир гIицIго жакъа ругел жамгIиялгун политикиял ва социалиялгун экономикияв шартIал щула гьари. Гьелъул аслияб магIна букIуна церетIеялъул кинаб борхалъиялде нилъер анищ бугебали жинда жаниб загьир гьаби ва гьелде халкъал рачине ккола нухал рихьизари. Дагъистаналъул жакъасеб Конституция гIуцIун буго 11 бетIералдасан, гьелда жаниб буго I05 статья.

ЦIияб Конституция къабул гьаби дагъистаниязул гIумроялда жаниб ккана кIудияб кIваралъул лъугьа-ба хъинлъун. Гьелъ тасдикъ гьабуна нилъер миллатал гIемерал халкъазул цоцалъ гьудуллъиялда, гьуинлъиялда Россиялъул киналниги халкъалгун цадахъ гIум ро гьабизе бугеб гьира ва къасд. Республикаялъул БетIер Р. ПабдулатIиповас абухъе, Дагъистан Республикаялъул аслияб закон ккола, республика цебетIеялъе ва халкъазда гьоркьоб гьунки букIинабиялъе щулияб къучIлъун.

Маданият: театр

# «КIодоласул ригьин» комедиялда



Гьал къоязда ЦI. ХIамзатил цIаралда бугеб Аваразул музыкалиябгун драматическияб театралъул къукъа щвана Шамилькъала поселокалде. Гьаб нухалда гьез ансадерил театр бокьулезда бихьизабуна «КIодоласул ригьин» комедия. Цере рахьин бухьинабун букIана 26 июлалда нилъеца кIодо гьабулеб, нилъер республикаялъул Конституция лъул къоялда.

Балагьараз гьираялда къабул гьаруна XI. Казиевасул, М. НурмухIамадовасул, М. Пабдулмажидовалъул ва цогидазулги церерахьинал.

# Коррупциялде данде рахъиналъул суалгун



Отделалъул нач. А. Бачиевас абухъего муниципалитетазул мориторингалъ ва гIадамалгун гара-чIвариялъ бихьизабуна нилъер гьаниб гьеб хIалтIи аскIобе къанги лъикI гьечIолъи. Гьес гьединго бихьизабуна муниципалитеталда цо чи вукIине кколин коррупциялда данде чIеялъул хIалтIи гьабизе, Пахъуща районалъ жидерго хъвавул отчеталда бихьизабухъе I6 чи гурев.

Жиндирго кIалъаялда Т. Аджиевас бицана гьеб суалалда хурхун законодательнияб базаялъул. «О противодействии коррупции». Федералияб законалда рекъон 7 сонида жаниб улкаялда чIванкъотIараб нормативиябгун-правовияб база гIунилан. «Амма муниципалитета лъул уровеналда гьединаб база хIакъикъаталда гьечIо». Гьединаб хIал жакъа хвараб точкаялдаса цебехун къуризабизе ккола нилъеца. Нилъер бокьараб районалде щвезе бегьула хал гьабизе, гьелъие щивав хIадурго вукIинеги ккола, гьабураб хIалтIул отчеталги къезе ккола.

Семинар-совещаниялда администрациябазул хIалтIухъабаз жидерго пикрабазул бицана.

# Лъимал цIуниялде кIвар кьезин

(Лъимал цIуниялъул комиссиялъул заседаниялдаса)



**Араб анкьалда райадминистрациялда букIана лъималазе нухазда хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъул комиссиялъул данделъи. ГьелъиегIиллалъун ккана чанго къоялъ цебе Унсоколо росда гьоркь ккараб балагьаб иш. Гьениб маршрутка тункун чIвана 11 сон барав вас.**

Заседаниялда рукIана хIинкъи гьечIолъи цIуниялъул комиссиялъул вакилзаби, школазул, ясли-ахазул директорал, росабазул бутIрул. Гьеб бачана бетIерасул зам. М. ХIамзатовас. -Гьадинал лъугьа-бахъинал такрарлъизе бегьуларо ва чIванкъотIарал тадбирал гьаризе ккола хадубккун балагьал ишал ккунгутIиялъе,-ян бихьизабуна комиссиялъул пред. А. Пабдулхаликъовас. -Лъелго унезе нухда переход гьабизе кколин, нухазда канлъи чIезабизе ва «ЦIодорлъи гьабе, лъимал!»,-абураб гIаламат чIвазе кколин,-абуна хадубги гьес. –Гьаризе ккола хехал ишал, гьелъие нужеца предложениял къуни бокьилаан.

Заседаниялда бихьизабуна жалго лъималазда гьоркьоб бичIчIи кьея лъул хIалтIи гьабизе кколинги. -Писинго нухазда хьвадия лъул правилаби лъани гьел хадурккун цIунараллъун рукIуна. ХIинкъи букIинаредухъ сверун къан яги цоги къагIидаби ургьун хIалтIаби гьаризе ккола районалъул 7 школа лъул мина сверун, ясли-ахазда сверухъги гIаламатал лъезе ккола.

КIалъазе вахъарав ГАИялъул вакил Р. Мусавузовас бихьизабуна школазул ва цогидалги нухмалъулез цере лъурал масъалаби тIуразаруралани гIемерал лъимал гьорлъ ругел ДТПяздаса цIунизе рес букIанин. Гьес гьединго абуна лъезе бегьулин «искусственниял неровностал» мугIрузда кирго гьаризе данде кколарин гьел. Гьединго цогидалги лъимал раччулеб транспорталдаги тIадчIей гьабуна гьес, рихьизаруна гьенир ругел гIунгутIаби.

## Объявления

Утерян аттестат, выданный Араканской средней общеобразовательной школой Гаджиеву Магомедхабибу Гасановичу. Номер аттестата 05669092087 . С момента опубликования информации об утере данный документ считать недействительным.

* * *

20I4 соналъул 30 июналда Генуб Заманалъулаб поселокалъул школалъ Пабдулаева РахIмат МухIамадзагьидовналъул цIаралда къураб № 005 I80 002 74 79I бугеб гьоркьохъеб лъай кьеялъул аттестат тIагIун буго. Хадубккун гьеб хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна

**Ахихъан**

*Районалъул газета*

*№ 30 (7222)*

*27 июль 2016 сон*



В Дагестане объем продукции животноводства за полгода вырос на 2,3%. Индекс производства составил более 19 млрд. рублей.

За шесть месяцев текущего года производство мяса увеличилось до 62 тонн, молока – до 408 тыс. тонн, яиц – до 99 млн штук. Вместе с тем отмечается и рост реализации этих продуктов.



# ИСПОЛНЕНИЕ
## консолидированного бюджета МО «Унцукульский район» за 1- полугодие 2016 года

*(в рублях)*

| Наименование показателя Вед Рз ПР ЦСР ВР ЭКР | План | Поступило | Перечислено | отклонение | % исп | остаток на конец |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 ВСЕГО ДОХОДОВ 2016 года: | 600,596,088.00 | 304,018,089.67 | 297,592,347.59 | -296,577,998.33 | 50.6% | 6,425,742.08 |
| 1. НАЛОГОВЫЕ И НЕНАЛОГОВЫЕ ДОХОДЫ: 000 1 00 00000 00 0000 000 | 73,548,000 | 34,850,184.42 | 30,459,292.34 | -38,697,815.58 | 47.4% | 4,390,892.08 |
| - муниципального района | 66,714,000 | 33,727,194.15 | 29,591,792.00 | -32,986,805.85 | 50.6% | 4,135,402.15 |
| - поселений | 6,834,000 | 1,122,990.27 | 867,500.34 | -5,711,009.73 | 16.4% | 255,489.93 |
| 2. БЕЗВОЗМ. ПОСТУПЛЕНИЯ: 000 2 00 00000 00 0000 000 | 527,048,088 | 269,167,905.25 | 267,133,055.25 | -257,880,182.75 | 51.1% | 2,034,850.00 |
| - дотации 000 2 02 01000 00 0000 151 | 96,646,000 | 41,349,000 | 41,349,000 | -55,297,000.00 | 42.8% | 0.00 |
| - субсидии 000 2 02 02000 00 0000 151 | 15,249,200 | 3,336,961 | 2,978,486 | -11,912,239.00 | 21.9% | 358,475.00 |
| - субвенции 000 2 02 03000 00 0000 151 | 414,852,888 | 228,424,444.25 | 222,805,569.25 | -186,428,443.75 | 55.1% | 5,618,875.00 |
| - иные межбюджетные трансферты 000 2 02 04000 00 0000 151 | 300,000 | 300,000 | 0 | 0.00 | 100.0% | 300,000.00 |
| - удержанные Мин.фин. за 2015 г 000 2 19 05000 00 0000 151 | | -4,242,500 | | | | -4,242,500.00 |
| II.ИСТОЧНИКИ ФИНАНСИРОВАНИЯ ДЕФИЦИТА БЮДЖЕТА (Остаток на конец 2015 года) | 13,530,139.53 | 13,530,139.53 | 13,530,064.07 | 0.00 | 100% | 75.46 |
| а) переходящий остаток района (с/доходы) | 13,195,775.67 | 13,195,775.67 | 13,195,775.67 | 0.00 | 100% | 0.0 |
| в) переходящий остаток поселений (с/доходы) | 334,363.86 | 334,363.86 | 334,288.40 | 0.00 | 100% | 75.5 |
| ВСЕГО ДОХОДЫ (I+II) | 614,126,227.53 | 317,548,229.20 | 311,122,411.66 | -296,577,998.33 | 51.7% | 6,425,817.54 |
| I. РАСХОДЫ 2016 года: | 600,596,088.00 | 297,436,936.67 | 295,760,576.36 | -303,159,151.33 | 49.5% | 1,839,750.31 |
| 1.Райадминистрация | 54,561,888.00 | 21,164,945.25 | 20,802,810.25 | -33,396,942.75 | 38.8% | 362,135 |
| 2.Контрольно-счетная палата | 1,025,000 | 548,802 | 524,555 | -476,198 | 53.5% | 24,247 |
| 3. Собрание депутатов муниципального района | 712,000 | 275,556 | 234,468 | -436,444 | 38.7% | 41,088 |
| 4. Управление финансов | 4,638,000 | 2,314,174 | 2,314,174 | -2,323,826 | 49.9% | 0 |
| 5. МКУ «Служба ЖКХ администрации МО «Унцукульский район» | 6,723,000 | 2,766,014 | 2,766,014 | -3,956,986 | 41.1% | 0 |
| 6. МКУ «Служба земельно-кадастровых и имущ. отношений» | 1,063,000 | 323,791 | 290,466 | -739,209 | 30.5% | 33,325 |
| 7. МКУ «Отдел по подготовке зоны водохран. Ирганайской ГЭС» | 1,273,000 | 650,299 | 644,711 | -622,701 | 51.1% | 5,588 |
| 8. Отдел субсидий | 1,399,000 | 1,399,000 | 1,399,000 | 0 | 100% | 0 |
| 9. Управление образования | 4,649,665 | 1,640,455 | 1,466,455 | -3,009,210 | 35.3% | 174,000 |
| 10. МКДОУ №1 «Ромашка» с.Унцукуль: | 14,466,742 | 6,010,860 | 6,010,860 | -8,455,882 | 41.5% | 0 |
| 11. МКДОУ №2 «Ласточка» с.Унцукуль: | 15,317,512 | 6,901,104 | 6,901,104 | -8,416,408 | 45.1% | 0 |
| 12. МКДОУ №3 «Фиалка» с.Ирганай: | 8,367,159 | 3,605,949 | 3,605,949 | -4,761,210 | 43.1% | 0 |
| 13. МКДОУ №4 «Теремок» с.Гимры: | 12,893,464 | 4,653,013 | 4,653,013 | -8,240,451 | 36.1% | 0 |
| 14. МКДОУ №5 «Соколенок» с.Майданск: | 7,427,995 | 2,812,153 | 2,812,153 | -4,615,842 | 37.9% | 0 |
| 15. МКДОУ №6 «Звездочка» с.Балахани: | 5,747,987 | 1,414,294 | 1,414,294 | -4,333,693 | 24.6% | 0 |
| 16. МКДОУ №7 «Улыбка» с.Аракани: | 3,805,757 | 1,545,065 | 1,539,609 | -2,260,692 | 40.6% | 5,456 |
| 17. МКДОУ №8 «Солнышко» п.Шамилькала: | 10,274,990 | 4,050,812 | 4,038,436 | -6,224,178 | 39.4% | 12,375.91 |
| 18. МКДОУ №9 «Сказка» п.Шамилькала: | 18,419,213 | 7,893,940 | 7,893,940 | -10,525,273 | 42.9% | 0 |
| 19. МКДОУ №10 «Снежинка» с.Кахабросо: | 4,084,570 | 1,608,225 | 1,608,225 | -2,476,345 | 39.4% | 0 |
| 20. МКДОУ №11 «Сосна» с.Ашильта: | 6,154,383 | 2,492,886 | 2,492,886 | -3,661,497 | 40.5% | 0 |
| 21. МКДОУ №12 «Чебурашка» с.Цatаних: | 3,295,604 | 1,321,415 | 1,317,141 | -1,974,189 | 40.1% | 4,274 |
| 22. МКДОУ №13 «Колобок» пос. Гимры: | 3,643,124 | 1,121,525 | 1,121,525 | -2,521,599 | 30.8% | 0 |
| 23. МКОУ «УСОШ №1» с.Унцукуль | 25,627,776 | 14,971,048 | 14,971,048 | -10,656,728 | 58.4% | 0 |
| 24. МКОУ «УСОШ №2» с.Унцукуль | 28,696,492 | 15,623,000 | 15,566,065 | -13,073,492 | 54.4% | 56,935 |
| 25. МКОУ «МСОШ « с.Майданск | 24,005,435 | 13,819,782 | 13,801,592 | -10,185,653 | 57.6% | 18,190 |
| 26. МКОУ «АСОШ « с.Ашильта | 16,951,426 | 10,031,216 | 10,031,215 | -6,920,210 | 59.2% | 1 |
| 27. МКОУ «КСОШ « с.Кахабросо | 12,867,934 | 7,532,646 | 7,532,646 | -5,335,288 | 58.5% | 0 |
| 28. МКОУ «БСОШ « с.Балахани | 23,974,544 | 13,544,601 | 13,505,554 | -10,429,943 | 56.5% | 39,047 |
| 29. МКОУ «ГСОШ « с.Гимры | 33,198,075 | 18,246,163 | 18,246,163 | -14,951,912 | 55.0% | 0 |
| 30. МКОУ «ЦСОШ « с.Цатаних | 13,305,495 | 7,816,288 | 7,816,288 | -5,489,207 | 58.7% | 0 |
| 31. МКОУ «ИСОШ « с.Ирганай | 25,040,321 | 14,882,972 | 14,266,845 | -10,157,349 | 59.4% | 616,127 |
| 32. МКОУ «АСОШ « с.Аракани | 12,824,552 | 7,894,583 | 7,893,056 | -4,929,969 | 61.6% | 1,527.47 |
| 33. МКОУ «ГПСОШ « п.Гимры | 11,163,145 | 6,909,376 | 6,909,376 | -4,253,769 | 61.9% | 0 |
| 34. МКОУ «ШСОШ « п.Шамилькала | 52,501,965 | 30,595,758 | 30,595,758 | -21,906,207 | 58.3% | 0 |
| 35. МКОУ «ХООШ « с.Харачи | 4,983,165 | 2,688,613 | 2,622,268 | -2,294,552 | 54.0% | 66,345 |
| 36. МКОУ «МООШ « с.Моксох | 6,587,815 | 3,768,782 | 3,685,163 | -2,819,033 | 57.2% | 83,619 |
| 37. МКОУ «ИООШ « с.Иштибури | 7,195,060 | 4,281,485 | 4,279,445 | -2,913,575 | 59.5% | 2,040 |
| 38. РЦДОД с.Унцукуль | 7,777,800 | 3,516,996 | 3,516,996 | -4,260,804 | 45.2% | 0 |
| 39. ДДТ с.Гимры | 3,012,800 | 1,359,002 | 1,359,002 | -1,653,798 | 45.1% | 0 |

(Продолжение таблицы на 4 странице)

# ИСПОЛНЕНИЕ
# консолидированного бюджета МО «Унцукульский район» за 1- полугодие 2016 года

| Наименование показателя | План | Поступило | Перечислено | отклонение | % исп | остаток на конец |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 40. ДДТ п.Шамилькала | 3,483,800 | 1,584,147 | 1,584,147 | -1,899,653 | 45.5% | 0 |
| 41. ДЮСШ с. Унцукуль | 4,278,200 | 2,107,080 | 2,055,716 | -2,171,120 | 49.3% | 51,364 |
| 42. ДЮСШ с. Гимры | 5,001,910 | 2,276,436 | 2,255,866 | -2,725,474 | 45.5% | 20,569.56 |
| 43. ДЮСШ с. Балахани | 5,621,345 | 2,549,097 | 2,549,096 | -3,072,248 | 45.3% | 1 |
| 44. ЦДТ п. Шамилькала | 6,910,600 | 3,190,562 | 3,190,562 | -3,720,038 | 46.2% | 0 |
| 45. Школа искусств | 4,807,900 | 2,146,081 | 2,140,656 | -2,661,819 | 44.6% | 5,425 |
| 46. СЮТ с. Унцукуль | 5,996,480 | 3,272,550 | 3,272,550 | -2,723,930 | 54.6% | 0 |
| 47. Управление культуры | 22,586,000 | 10,886,306 | 10,886,306 | -11,699,694 | 48.2% | 0 |
| 48. Поселения всего: | 42,253,000.00 | 15,428,089.42 | 15,375,409.17 | -26,824,910.58 | 36.5% | 52,680.25 |
| *- МО «Село Ашильта»* | 2,261,000 | 844,054 | 844,054 | -1,416,946 | 37.3% | 0 |
| *- МО «Село Гимры»* | 4,252,000 | 1,431,000 | 1,424,674 | -2,821,000 | 33.7% | 6,326 |
| *- МО «Село Ирганай»* | 2,840,000 | 942,000 | 942,000 | -1,898,000 | 33.2% | 0 |
| *- МО «Село Харачи»* | 1,380,000 | 515,932 | 503,659 | -864,068 | 37.4% | 12,272.94 |
| *- МО «Село Цатаних»* | 2,565,000 | 910,479 | 910,479 | -1,654,521 | 35.5% | 0 |
| *- МО «Сельсовет Араканский»* | 2,734,000 | 862,573 | 861,151 | -1,871,427 | 31.5% | 1,422 |
| *- МО «Сельсовет Балаханский»* | 3,287,000 | 1,231,101 | 1,230,096 | -2,055,899 | 37.5% | 1,005 |
| *- МО «Сельсовет Иштибуринский»* | 2,339,000 | 858,511 | 839,190 | -1,480,489 | 36.7% | 19,321 |
| *- МО «Сельсовет Кахабросинский»* | 2,033,000 | 738,050 | 738,050 | -1,294,950 | 36.3% | 0 |
| *- МО «Сельсовет Майданский»* | 2,767,000 | 1,015,301 | 1,007,765 | -1,751,699 | 36.7% | 7,536.31 |
| *- МО «Сельсовет Унцукульский»* | 8,140,000 | 3,075,766 | 3,072,165 | -5,064,234 | 37.8% | 3,601 |
| *- МО «Поселок Шамилькала»* | 7,655,000 | 3,003,322 | 3,002,126 | -4,651,678 | 39.2% | 1,196 |
| - Остаток Дотации и ВУС поселениям | | | | | | 163,390 |
| **II. ИСТОЧНИКИ ФИНАНСИРОВАНИЯ ДЕФИЦИТА БЮДЖЕТА (Остаток на конец 2015 года)** | 13,530,139.53 | 13,522,084.99 | 13,511,978.35 | -8,054.5 | 99.9% | 10,106.64 |
| в том числе: | | | | | | |
| а) Расходы за счет переходящего остатка района | 13,195,775.67 | 13,195,775.67 | 13,185,669.03 | 0.0 | 100.0% | 10,106.64 |
| в) Расходы за счет переходящего остатка поселений | 334,363.86 | 326,309.32 | 326,309.32 | -8,054.54 | 97.6% | 0.00 |
| ***ВСЕГО РАСХОДЫ (I+II)*** | 614,126,227.53 | 310,959,021.66 | 309,272,554.71 | -303,167,205.9 | 50.6% | 1,849,856.95 |

**С. АРУЛМАГОМЕДОВ. И. О. Руководителя Управления финансов МО «Унцукульский район»**

## Объявлен конкурс проектов на гранты Главы Республики Дагестан в 2016 году.

Объявлен конкурс проектов на гранты Главы Республики Дагестан в 2016 году.Прием документов на конкурс будет проводиться с 15 июля по 16 сентября текущего года.

Отметим, что гранты Главы РД выделяются для финансирования расходов на разработку и реализацию инновационных научно-исследовательских, опытно-конструкторских разработок, проектов в сфере образования, науки, техники, экономики, культуры и искусства, общественной деятельности, средств массовой информации, физической культуры и спорта, молодежной политики, поддержки малого предпринимательства.

Соискателями грантов могут быть физические и юридические лица, осуществляющие деятельность на территории республики.

Каждый соискатель индивидуально либо в составе творческого коллектива имеет право представить на ежегодный конкурс только одну заявку.

Прием документов на конкурс проводится в органах исполнительной власти региона в соответствии с направлением гранта. Так, в области образования, науки, техники и инноваций прием осуществляет министерство образования и науки, в области экономики – министерство экономики и территориального развития Республики Дагестан, в области культуры и искусства – министерство культуры, в области общественной деятельности – министерство по национальной политике, в области физической культуры и спорта – министерство по физической культуре и спорту, в области средств массовой информации – министерство печати и информации, в области молодежной политики – министерство по делам молодежи Республики Дагестан, в области малого предпринимательства – Агентство по предпринимательству и инвестициям.

Информация об условиях конкурса будет размещена на официальных сайтах соответствующих органов исполнительной власти Дагестана.

## На выставке подворий народностей Дагестана



Вчера, 26 июля, наша республика отпраздновала День Конституции. В рамках празднования различные мероприятия прошли во всех уголках Дагестана. Глава Унцукульского района в этот день посетил выставку подворий народностей Дагестана «Родники России» в Махачкале, на которой творческий коллектив отдела культуры района во главе с и.о. начальника Али Абдулаевым представили Аварское подворье в составе пяти аварских районов республики.

Выставка организована на Центральной площади в Махачкале, и проводится в честь Дня Конституции и в рамках Горного форума и Года гор. Предметы старинной утвари, изделия народного ремесла, блюда национальной кухни, национальные инструменты, старинные ковры – все это украсило унцукульское подворье. Предметом нашей особой гордости являются унцукульские изделия молодого мастера Магомедалиева Магомедали, который тут же демонстрирует процесс создания изделия и дает мастер-класс, и вокруг него, как всегда, собирается много народу, которым интересно наблюдать за этим тонким, поистине, почти ювелирным процессом.

Выставку посетила и правительственная делегация во главе с Рамазаном Абдулатиповым. Глава республики посетил и унцукульское подворье, на котором отведал блюда национальной кухни унцукульцев. Рамазан Абдулатипов высоко оценил кулинарные способности наших мастериц и поинтересовался тонкостями приготовления некоторых блюд горцев.


| Газета основана 1937 г. УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района. Главный редактор Саният КЕБЕДМАГОМЕДОВА | Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД. Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г. Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. | Адрес редакции: 51373 Унцукульский район с. Унцукуль ул. Мустафаева 28. Телефон редактора 55-63-07 sadovoduns@yandex.ru | Адрес издателя: г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21. Подписано в печать 26.07.16 г. 17.40 фактически -18. 45 мин. ....................................... Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках Тираж - 1400 экз. |
|---|---|---|---|